दिन–रविवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–30.03.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————

केन्द्रीय गृह एवं सहकारिता मंत्री, अमित शाह आइ बिहार मे आठ सय करोड़ टाका सँ बेसीक, विभिन्न विकास परियोजना सभक लोकार्पण आओर शिलान्यास कयलनि। पटना मे राज्य स्तरीय सहकारिता सम्मेलनक उद्घाटनक अवसर पर श्री शाह आजादीक पचहत्तरि बरखक बाद सहकारिता क्षेत्रक लेल अलग सँ एकटा मंत्रालयक गठनक लेल प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक सराहना कयलनि। ओ इहो अश्वासन देलनि जे केन्द्र मखान बोर्डक गठन जेहन पहलक संग बिहारक विकासक लेल प्रतिबद्ध अछि।

———————————————————

एम्हर गोपालगंज मे एकटा जनसभाक माध्यमे गृहमंत्री श्री शाह लालू प्रसाद पर जमि कऽ निशाना सधलनि। श्री शाह पुलिस लाईन मैदान मे एकटा जनसभा के संबोधित करैत आरोप लगेलनि जे लालू प्रसादक पंद्रह सालक शासनकाल मे अपराध आओर अपहरणक बोलबाला छल। श्री शाह कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अयोध्याक बाद सीतामढ़ी मे भव्य सीता माताक मंदिर बनाबऽ जा रहल छथि। एहि सँ मातृ–शक्ति कैँ प्रमुखता भेटत। ओ कहलनि जे अयोध्या जनकपुर रामायण सर्किट आओर बोधगया बौद्ध सर्किट पर कार्य चलि रहल अछि। ओ कहलनि जे केन्द्र सरकार विक्रमशिला विश्वविद्यालयक सेहो पुनरूद्धार करऽ जा रहल अछि।

———————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक पटना स्थित सरकारी आवास पर आइ एनडीए नेता सभक महत्वपूर्ण बैसार भेल। एहिमे केन्द्रीय गृहमंत्री आओर भाजपाक वरिष्ठ नेता अमित शाह, लोजपा प्रमुख चिराग पासवान, हम के संरक्षक जीतनराम मांझी, राष्ट्रीय लोकमोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा, भाजपाक बिहार प्रभारी विनोद तावड़े आओर जदयूक कार्यकारी राष्ट्रीय अध्यक्ष संजय झा सेहो उपस्थित छलाह। बैठक मे अगामी विधानसभा चुनावक लेल रणनीति पर चर्चा भेल। एहि मे विधानसभा चुनाव मे दू सय

पच्चीस सीट जीतबाक लक्ष्यक संग सभ दू सय तैंतालीस क्षेत्र सभमे एनडीए कार्यकर्ता सभक संयुक्त सम्मेलन करबाक हेतु सहमति बनल।

——————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे वस्त्र अपशिष्ट यानी टेक्सटाइल वेस्टक चुनौती पूरा दुनियाक लेल चिंताक एकटा नमहर विषय बनि गेल अछि। आइ आकाशवाणी पर 'मन की बात' कार्यक्रम मे देश– विदेशक श्रोता सभकेँ संबोधित करैत ओ कहलनि जे एक्को प्रतिशत सँ कम्मे टेक्सटाइल वेस्टक नव कपड़ा सभमे रिसाइकिल कयल जायत अछि। श्री मोदी कहलनि जे भारत दुनियाक ऐहन तेसर देश अछि। जाहि ठाम सभसँ बेसी टेक्सटाइल वेस्ट निकलैत अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे पुरान कपड़ा जल्दीए छोड़ि देबाक आओर नव कपड़ा किनबाक चलन दुनिया भरि मे बढ़ि रहल अछि। ओ कहलनि जे एहि चुनौति सँ निपटबाक लेल देश मे कतेको सहारनीय प्रयास कयल जा रहल अछि।

——————————————————————

प्रधानमंत्री कहलनि जे गर्मी कँ अबतहि शहर–शहर, गाम–गाम पानि बचेबाक तैयारी शुरू भऽ जाइत अछि। ओ एहि बात पर संतोष व्यक्त कयलनि जे कतेको राज्य सभमे जल संचय सँ जुड़ल कार्य सभमे तेजी आयल अछि। श्री मोदी कहलनि जे जलशक्ति मंत्रालय आओर कतेको अलग–अलग स्वंयसेवी संस्था सभ एहि दिशा मे कार्य कऽ रहल अछि आओर देश मे हजारों कृत्रिम पोखरि, चेक डैम आओर बोरबेल रिचार्जक निर्माण भऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री विद्यार्थी सभकेँ ग्रीष्मकालीन अवकाशक दरमियान सकारात्मक कार्य करबाक सलाह देलनि। ओ कहलनि जे गर्मीक छुट्टी एहन समय अछि जखन हम नव शौक कँ अपनेबाक संगहि अपन हुनर कँ आओर तराशि सकैत छी।

——————————————————————

पुलिस महानिदेशक विनय कुमार सभ थाना परिसर मे आबैबला आगंतुक सभक ब्यौरा रखबाक निर्देश देलनि अछि। ओ जारी निर्देश मे कहला जे विजिटर–रजिस्टर मे आबैबला प्रत्येक व्यक्तिक नाम, पता, अयबाक उद्देश्य एवं मोबाईल नंबर दर्ज कयल जायत। डीजीपी कहलाह जे थाना भ्रमणक दौरान वरीय पुलिस अधिकारी सभकेँ विजिटर–रजिस्टरक निरीक्षण अनिवार्य रूपें करबाक हेतैनि।

———————————————————————————

राज्य मे चलि रहल जमीन सर्वेक लेल स्वघोषणाक अंतिम तिथि एकतीस मार्च तक निर्धारित अछि। राजस्व आओर भूमि सुधार मंत्री संजय सरावगी बतेलनि जे समय सीमा समाप्त भेलाक पश्चातो स्वघोषणा अपलोड करबाक लेल किछु दिन तक पोर्टल खुलल रहत। मंत्री कहलनि जे जे व्यक्ति एखन धरि जमीन संबंधी स्वघोषणा नहिं कऽ सकलाह अछि, ओ अविलंबहि एकर घोषणा कऽ देथि। एहिमे कोनो तरहक परेशानी भेला पर विभागीय कर्मी लोकनि सँ सहायता लेल जा सकैत अछि।

———————————————————————————

पटना विश्वविद्यालयक छात्रसंघ चुनाव मे अखिल भारतीय विद्यार्थी परिषद, एबीवीपीक उम्मीदवार मैथिली मृणालिनी अध्यक्ष पद पर, जीत हासिल कयलनि अछि। पटना विश्वविद्यालय छात्र–संघक चुनावक इतिहास मे पहिल बेर कोनो छात्रा अध्यक्ष चुनल गेलीह अछि। महासचिव पद पर निर्दलीय सलोनी राज अओर कोषाध्यक्ष पद पर एनएसयू–आईयक सौम्या श्रीवास्तव जीत हासिल कयलनि। जखनकि उपाध्यक्ष पद पर निर्दलीय धीरज आओर संयुक्त सचिव पद पर एनएसयू–आईयक रोहण कुमार विजयी भेलाह अछि।

———————————————————————————

समाप्त